

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, analisis jeung pedaran dina bab opat ngeunaan ngaronjatna kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung antara saméméh (pratés) jeung sanggeus (postés) ngagunakeun stratégi *writing in the here and now*, bisa dicindekkeun yén:

- 1) Kamampuh awal (pratés) siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung dina nulis karangan éksposisi saméméh dilarapkeunna stratégi *writing in the here and now* nya éta siswa can mampuh nulis karangan éksposisi. Tina jumlah 37 siswa, siswa anu dianggap geus mampuh jumlahna aya 12 urang, sedengkeun anu dianggap can mampuh jumlahna aya 25 urang. Skor panggedéna nya éta 25 kalayan peunteun 83 anu dicekel ku siswa nomor urut 8, sedengkeun skor pangleutikna nya éta 14 kalayan peunteun 47 anu dicekel ku siswa nomor urut 31. Rata-rata skor tina 37 siswa téh nya éta 20,4, sedengkeun rata-rata peunteunna nya éta 68. Saupama diperséntasikeun lobana siswa anu geus mampuh nulis karangan éksposisi nya éta 32,4%, sésana nya éta 67,6% dianggap can mampuh.
- 2) Kamampuh ahir (postés) siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung dina nulis karangan éksposisi sanggeus dilarapkeunna stratégi *writing in the here and now* nya éta siswa geus mampuh nulis karangan éksposisi. Tina jumlah 37 siswa, siswa anu dianggap geus mampuh jumlahna aya 32 urang, sedengkeun anu dianggap can mampuh jumlahna aya 5 urang. Skor panggedéna nya éta 27 kalayan peunteun 90 anu dicekel ku siswa nomor urut 20, sedengkeun skor pangleutikna nya éta 20 kalayan peunteun 67 anu dicekel ku siswa nomor urut 3 jeung 5. Rata-rata skor tina 37 siswa téh nya éta 23,9, sedengkeun rata-rata peunteunna nya éta 80. Saupama diperséntasikeun lobana siswa anu geus mampuh nulis karangan éksposisi nya éta 86,5%, sésana nya éta 13,5% dianggap can mampuh.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *writing in the here and now*. Saupama dititénan tina hasil pratés siswa nu geus mampuh nulis karangan éksposisi téh jumlahna 32,4% sedengkeun tina hasil postés jumlah siswa anu geus mampuh nulis karangan éksposisi téh ngaronjat jadi 86,5% kalayan béda gainna nya éta 54,1%. Lian ti éta, tina uji hipotésis anu ngahasilkeun  $t_{itung} > t_{tabel}$ , nya éta 10,8 > 2,75 kalayan taraf kapercayaan 99%, hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) bisa ditarima jeung hipotésis nol ( $H_o$ ) di tolak. Ieu hal nuduhkeun yén ieu strategi *writing in the here and now* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung taun ajaran 2012/2013.

## 5.2 Saran

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan di SMP Negeri 35 Bandung kalayan judul, “Stratégi *Writing In The Here And Now* pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” aya sababaraha hal anu baris ditepikeun, di antarana:

- 1) pikeun panalungtikan anu saterusna, dipiharep sangkan anu dijadikeun populasi leuwih lega wengkuanana, sangkan hasil panalungtikan bisa digeneralisasikeun;
- 2) dina nulis karangan, siswa kudu leuwih dirangsang deui pikiranana pikeun meunangkeun idé-idé saloba-lobana, lantaran sabada dilaksanakeun panalungtikan di kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung katitén masih aya siswa nu hésé dina ngébréhkeun idena;
- 3) dipiharep ieu strategi *writing in the here and now* bisa dilarapkeun ogé kana aspék pangajaran kabasaan nu séjénna.